**Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение средняя общеобразовательная школа с.Мичурино Ардонского района РСО-Алания**

| «Рассмотрено» | «Согласовано» | «Утверждаю» |
| --- | --- | --- |
| На МО школы | зам.директора по УВР | Директор школы |
| Рук-ль_____Вазиева Л.В. | ___________Беленко Н.М. | _________Гаглоева Б.Н. |
| Протокол № 1 | «31» 08 2022г. | «___»_____ 2022г. |
| От «31» 08 2022г. | | |

# Кусæн программæ
# ирон æвзагæй
# 11 къласæн

**Ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг: Уазиты Л.В.**

**2022-2023 ахуыры аз.**

**Ахуырадон программæ ирон (мадæлон) æвзагæй 11 –æм къласы**

-«Ирон æвзаджы чиныг» -11 кълас -автор: Куыдзойты Анжелæ. Дзæуджыхъæу. 2013

Афæдзы дæргъы – 34 сахаты
Къуырийы дæргъы – 1 сахат

**Предметы актуалондзинад**

Ӕвзаг у адœмы уд œмœ зонд: цалынмœ œвзаг цœра, уœдмœ цœрынц адœм дœр, рœзы œмœ фидар кœны сœ национ культурœ, сœ национ хиœмбарынад.
**Ирон æвзаг** у нæ республикæйы паддзахадон æвзæгтæй иу, ирон адæмы мадæлон æвзаг. Куыд уырыссаг, афтæ ирон æвзаг дæр у **филологон циклы** иу хай æмæ рæзын кæны скъоладзауы коммуникативон культурæ, æххуыс ын кæны йæ ныхасы рæзтæн, уæрæх ын кæны йæ дунембарынад, хъомыл æй кæны нæ адæмы хуыздæр традицитæ æмæ æгъдæуттыл. Ирон œвзаг ахуыр кœнын, уымœй, куыд œмбœлы, афтœ пайда кœнын у стыр ахъаз фœсивœды патриотизмыл хъомыл кœнын, фидœны œхсœнад аразджытœ цœттœ кœныны хъуыддаджы. Мадœлон œвзаг зонын у нœ культурœйы ахсджиагдœр фœрœзтœй иу.

**Ирон æвзаг ахуыр кæныны нысантæ:**

- ахуырдзаутæн æвзаджы тыххæй иумæйаг зонындзинæдтæ раттын; бацамонын, алы адæмæн дæр йе æвзаг йæ национ хæзна кæй у, хъахъхъæнын æй кæй хъæуы;

-ахуырдзауты дзырдуат æмæ грамматикон зонындзинæдтæ фæхъæздыгдæр кæныныл бакусын;

-дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл бакусын, скъоладзауты коммуникативон арæхстдзинæдтæ æмæ зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын;

-литературон æвзаджы нормæтимæ базонгæ кæнын, ныхасы уавæртæм гæсгæ сæ раст пайда кæныныл ахуыр кæнын.

**Ирон æвзаджы 11 къласы ахуырадон программæ арæзт у:**

- Уæрæсейы Федерацийы закъон «Ахуырады тыххæй»;
- Ног ахуырадон стандарттæ;
- Цæгат Ирыстон-Аланийы модернизацийы комплексон проект;
- Ирон национ ахуырады концепци ;
- Приоритетон национ проект «Нæ ног скъола»;

- Республикон программæ«Ирон æвзаг æмæ литературæ 1-11 кълæстæн»; йæ автортœ: **Тахъазты Харум, Дзампарты Ларисœ, Дзодзыккаты Зœидœ, Цопанты Ритœ**. Программœ сфидар кодта Республикœ Цœгат Ирыстоны – Аланийы Иумœйаг œмœ профессионалон ахуырады министрад.

-«Ирон æвзаджы чиныг» -11 къласт -автор: Куыдзойты Анджелæ. Дзæуджыхъæу. 2012

Регионалон базисон ахуырадон пъланмæ гæсгæ ирон æвзаг ахуыр кæнынæн 10 къласы дих гонд **34 сахаты** афæдзмæ, къуыримæ та **- 1** сахаты.

**Программæмæ гæсгæ мадæлон æвзаг ахуыр кæныны фæстиуджытæ сты ахæмтæ:**

**Удгоймагон (личностные) фæстиуджытæ:**

1) скъоладзау хъуамæ бамбара, ирон æвзаг ирон адæмы национ-культурон хæзна кæй у, уый; мадæлон æвзаджы ахадындзинад стыр кæй у адæймаджы интеллектуалон æмæ сфæлдыстадон гæнæнтæ райрæзынæн, удварн хъæздыгдæр кæнынæн;

2) бамбарын ирон æвзаджы эстетикон нысаниуæг; рæзын кæнын мадæлон æвзагæн аргъ кæнын, хи æвзагæй сæрыстыр уæвыны æнкъарæнтæ; ирон æвзаг ирон адæмы стырдæр хæзнатæй иу кæй у, уый бамбарын; æвзаджы сыгъдæгдзинад æмæ культурæмæ бæрнон цæстæй кæсын фæцалх уæвын;

3) ныхас кæнгæйæ, ирон æвзаджы дзырдуат æмæ грамматикон мадзæлттæй раст пайда кæнын; хи ныхасмæ хъус дарын.

**Метапредметон фæстиуджытæ сты:**

• ныхасы хуызтæй пайда кæнынмæ арæхсын: хорз æмбарын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы мидис (ныхасы сæр, тексты темæ, сæйраг хъуыды; сæйраг æмæ уæлæмхасæн информаци);

• стилистикон æгъдауæй æмæ сæ жанртæм гæсгæ алыхуызон чи у, ахæм текстæ кæсын зонын (æвзаргæ каст, æмбаргæ каст æмæ æнд.);

• бакаст æрмæгæй (Интернетæй, дзыллон информацион фæрæзтæй, ахуырадон компакт-дисктæй) хъæугæ информаци равзарын зонын, алыхуызон дзырдуæттæй пайда кæнынмæ арæхсын;

• арæхсын темæмæ гæсгæ æрмæг сæмбырд кæнынмæ, раст фæткыл æй равæрынмæ; хибарæй хъæугæ информаци ссарынмæ;

• алыхуызон тексты мидис кæрæдзиуыл барын, сæ стилистикон æмæ æвзаджы хицæндзинæдтæ иртасын;

• текст хи ныхæстæй радзурынмæ, текстæн пълан бацæттæ кæнынмæ, конспект ныффыссынмæ, аннотаци бацæттæ кæнынмæ;

• ныхасы уавæрмæ гæсгæ аразын, сæ функционалон хуызтæ, стилистикон ахуырст æмæ жанртæм гæсгæ алыхуызон чи сты, ахæм текстæ;

• тексты арæзтмæ хъус даргæйæ, хи хъуыдытæ фысгæ æмæ дзургæ ныхасы хуызы æргом кæнынмæ;

• монологон ныхас (таурæгъ, æрфыст, тæрхон) аразынмæ; диалогон ныхасæй пайда кæнынмæ;

• хи ныхас аразын литературон æвзаджы орфоэпион, лексикон, грамматикон, стилистикон нормæтæм гæсгæ; фысгæ ныхасы пайда кæнын орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæй (нормæтæй);

• дзургæйæ ныхасы этикетон нормæтæм хъус дарын;

• ахуырты рæстæг хи ныхасы хъæд æмæ мидисмæ хъус дарын зонын, хи ныхасы рæдыдтытæ раст кæнынмæ арæхсын; хи арæзт текстæ редакци кæнын зонын;

• ахуырты (урокты) рæстæг æмгæртты ’хсæн раныхас кæнынмæ арæхсын; арæхсын чысыл доклад кæнæ рефераты мидис раргом кæнынмæ; диспутты æмæ быцæуты архайын зонын, хи хъуыдыйы растдзинад бафидар кæнынмæ арæхсын.

**Предметон фæстиуджытæ сты:**

1) æвзаджы сæйраг функцитæ иртасын; ирон æвзаджы паддзахадон нысаниуæг цæй мидæг ис, æвзаг æмæ адæмы культурæйы бастдзинад цы нысан кæны, мадæлон æвзаджы ахадындзинад адæймаджы царды;

2) ирон æвзаджы наукон быиндуртæ; ирон æвзагзонынады хæйттæ æмæ иуæгтæ, сæ бастдзинад;

3) лингвистикæйы бындурон æмбарынæдтæ: лингвистикæ æмæ йæ сæйраг хæйттæ; æвзаг æмæ ныхас, дзургæ æмæ фысгæ ныхас; монолог, диалог æмæ сæ хуызтæ; ныхасы уавæр; хуымæтæг ныхасы, наукон, публицистикон, официалон-хъуыддаджы стильтæ; аив литературæйы æвзаг, ныхасы функционалон хуызтæ (таурæгъон, æрфыстон, тæрхон), текст, тексты хуызтæ; æвзаджы сæйраг иуæгтæ, се ’ууæлтæ æмæ хицæндзинæдтæ, ныхасы мидæг сæ пайда кæнын;

4) ирон æвзаджы лексикæ æмæ фразеологийы нормæтæ зонын, ирон литературон æвзаджы нормæтæ (орфоэпион, лексикон, грамматикон, орфографион, пунктуацион) зонын, ныхасы этикетон нормæтæ зонын, раст сæ пайда кæнын;

5) æвзаджы сæйраг иуæгтæ æмæ грамматикон категоритæ зонын, иртасын сæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ сæ раст пайда кæнын;

6) дзырды алыхуызон ӕвзӕрстытӕ (фонетикон, морфемикон, дзырдарӕзтон, лексикон, морфологион) зонын, дзырдбаст ӕмӕ хъуыдыйады синтаксисон ӕвзӕрст, тексты иумӕйаг ӕвзӕрст кӕнынмӕ арӕхсын;

7) лексикон ӕмӕ грамматикон синонимтӕ иртасын, хи ныхасы мидӕг сӕ пайда кӕнын зонын;

8) мадӕлон ӕвзаджы эстетикон функцитӕ иртасын, аивадон литературон уацмысы текст ӕвзаргӕйӕ, ныхасы эстетикон ахуырст иртасын зонын.

**Скъоладзауты арӕхстдзинӕдтӕ (компетенцитӕ):**

Коммуникативон компетенци (арӕхстдзинад) амоны, цӕмӕй скъоладзаутӕ арӕхсой ныхасы хуызтӕй (дзургӕ, фысгӕ, хъусгӕ) пайда кӕнынмӕ, ныхасы уавӕртӕм гӕсгӕ арӕхсой сӕ ныхас аразынмӕ.

Ӕвзагон ӕмӕ лингвистикон арӕхстдзинад (компетенци) – зонын мадӕлон ӕвзаджы наукон бындуртӕ, ирон литературон ӕвзаджы нормӕтӕ; бакусын дзырдуат хъӕздыг кӕнынил, райсын грамматикон зонындзинӕдтӕ; ӕвзаджы иуӕгтӕн анализ кӕнынмӕ арӕхсын, ӕвзаджы дзырдуӕттӕй пайда кӕнын зонын.

Культурӕамонынады (культуроведческая) компетенци – ирон ӕвзаг ирон адӕмы культурӕимӕ зонгӕ кӕныны фӕрӕз кӕй у, уый ӕнкъарын; ӕвзаджы бастдзинад истори ӕмӕ адӕмы культурӕимӕ зонын, ирон ныхасмы этикетон нормӕтӕ зонын, пайда кӕнынмӕ сӕ арӕхсын

11-ӕм кълӕсы ахуырадон программӕйы курс аразгӕйӕ, хъусдард цӕуы алыхуызон арӕхстдзинӕдтӕ 5-9 кълӕсты ахуырадон программӕмӕ.

11 –œм къласœн фӕлхатгонд цӕуынц хицœн грамматикон категоритœ: фонетикœ, лексикœ, дзырдарӕзт, морфологи, Чиныг кӕй нӕй, уый тыххӕй пайдагонд цӕуы ныхасы – тематикон урочытӕй. Тексты бындурон фӕлхатгонд цӕуы грамматикон ӕрмӕг, стӕй цӕуы тексты концептуалон анализ. Текст ма ӕххӕст кӕны хъомыладон хӕстӕ дӕр. Иумӕйаг методикӕйы скъоладзауты ныхасы рӕзтыл куыст фӕрӕвдздӕр кӕнынӕн амонынц текстимӕ баст фӕлтӕрӕнтӕй пайда кӕнын.

## Ирон œвзаджы курсы мидис 11 къласы.

**Ныхасы стильтœ.** Литературон ныхас, йӕ хицӕндзинӕдтӕ. Литературон ныхасы лексикон, фонетикон, грамматикон ӕмӕ стилистикон нормӕтӕ.

**Хуымӕтӕг хъуыдыйад.** Хуымӕтӕг хъуыдыйады ӕууӕлтӕ. Хуымӕтӕг хъуыдыйады хуызтӕ ирон ӕвзаджы. Дывӕрсыг хъуыдыйад.

**Синтаксис. Пунктуаци.** Синтаксис куыд ӕвзаджы хай. Синтаксисы иуӕгтӕ. Синтаксисон бастдзинады хуызтӕ. Дзырдбасты нысаниуӕг. Домгӕбастдзинады хуызтӕ ирон ӕвзаджы.

**Хуымӕтӕг хъуыдыйады** стилистикон функци. Иувӕрсыг хъуыдыйӕдтӕ ирон ӕвзаджы. Фарстон, разӕнгардгӕнӕн ӕмӕ хъӕрон хъуыдыйӕдтӕ. Хъуыдыйӕдтӕ сидӕнимӕ, бавӕргӕ арӕзты ӕмӕ ӕмхуызон уӕнгтимӕ. Хъуыдыйӕдтӕ иртастгонд уӕнгтимӕ. Комкоммӕ ӕмӕ фӕрсаг ныхас.

**Вазыгджын хъуыдыйад.** Вазыгджын хъуыдыйӕдтӕ ирон ӕвзаджы. Хуымӕтӕг ӕмӕ вазыгджын хъуыдыйӕдты синонимикӕ. Ӕрхӕцӕн нысӕнттӕ вазыгджын хъуыдыйӕдты. Вазыгджын хъуыдыйады классификацийы хуызтӕ ӕмӕ сӕ принциптӕ. Бастдзинады фӕрӕзтӕ вазыгджын хъуыдыйады. Синтаксисон ахастытӕ вазыгджын хъуыдыйады хӕйтты ӕхсӕн. БВХъ структурон-семантикон хицӕндзинӕдтӕ. Бастдзинады фӕрӕзтӕ бабӕтгӕвазыгджын хъуыдыйады. БВХъ иугӕнӕг ахастытимӕ; бӕттӕгтӕ; структурон хицӕндзинӕдтӕ. БВХъ ныхмӕвӕрды ахастытимӕ; бастдзинады фӕрӕзтӕ, структурон хицӕндзинӕдтӕ. БВХъ дихон ахастытимӕ; бастдзинады фӕрӕзтӕ; структурон хицӕндзинӕдтӕ. БВХъ-тӕ градацион ӕмӕ ӕрбаиугӕнӕн ахастытимӕ; бастдзинады фӕрӕзтӕ. ДВХъ иртасыны фарст ирон синтаксисы. ДВХъ грамматикон хицӕндзинӕдтӕ. Бастдзинады фӕрӕзтӕ ДВХъ-ы. ДВХЪ уӕлӕмхӕст хӕйтты дзырдон ӕмӕ хъуыдыйадон бастдзинадимӕ. ДВХъ-ы структурон-семантикон классификаци. Ӕнӕбӕттӕг вазыгджын хъуыдыйады фарст иумӕйаг ӕмӕ ирон ӕвзагзонынады. ӔВХъ ӕхгӕд ӕмӕ гом структурӕимӕ; бастдзинады фӕрӕзтӕ. Бирӕхайон вазыгджын хъуыдыйад. Вазыгджын синтаксисон конструкцитӕ. Период. Вазыгджын синтаксисон ӕнӕхъӕн. Дзырдты рӕнхъӕвӕрд хуымӕтӕг ӕмӕ вазыгджын хъуыдыйӕдты.

**Текст, йæ арæзт.** Тексты хæйттæ (ВСИ, абзац). Параллелон æмæ цæгон бастдзинад. ВСИ-ты бастдзинады фæрæзтæ (Лексикон, грамматикон).

Текст аивгæнæн лексикон мадзæлттæ (Структурон параллелизмтæ, антитеза, градаци, риторикон сидæн, риторикон фарст, эпитет, абарст, метафорæ, перифразæ). Сæ функционалон-стилистикон нысаниуæг.

**Ирон ныхасы этикет.** Этикетон арæзтыты мидис. Фæлгонцджын разагъдтытæ хуымæтæг ныхасы.

***Сœйраг домœнтœ 11- œм къласы ахуыргœнинœгты зонындзинœдтœ œмœ арœхстдзинœдтœм.***

хуымæтæг хъуыдыйады дих загъды нысанмæ, эмоционалон ахуырстмæ, арæзтмæ гæсгæ;
иувæрсыг хъуыдыйæдты струкутрон-семантикон хицæндзинæдтæ;
æнæхххæст хъуыдыйæдты структурон-семантикон миниуджытæ;
хъуыдыйады уæнгтæ иртасыны уавæртæ;
хуымæтæг хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны æгъдæуттæ;
вазыгджын хъуыдыйады æмбарынады мидис;
вазыгджын хъуыдыйæдтæ дих кæныны принциптæ;
бастдзинады фæрæзтæ вазыгджын хъуыдыйады;
синтаксисон ахастытæ вазыгджын хъуыдыйады;
вазыгджын хъуыдыйæдты структурон-семантикон хуызтæ;
вазыгджын хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны æгъдæуттæ;
**хъуамæ арæхса**:
иувæрсыг хъуыдыйады равзарынмæ;
æнæхххæст хъуыдыйад равзарынмæ;
вазыгджын хъуыдыйады хуыз сбæрæг кæнынмæ;
вазыгджын хъуыдыйадæн синтаксисон анализ скæнынмæ;
хуымæтæг вазыгджынгонд æмæ вазыгджын хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнттæ раст сæвæрынмæ;
алыхуызон дзырдуæттæй раст пайда кæнынмæ;
бæлвырд темæйыл доклад кæнæ хъусынгæнинаг цæттæ кæнынмæ;
теоретикон фæрстытыл дзургæйæ, хи хъуыдытæ зæгъынмæ;
дисциплинæйы бæлвырд темæйæн реферат скæнынмæ, зонадон литературæйæ пайда кæнынмæ.

- 11 – œм къласы œвзагœй цы фæзындтæ ахуыр кодтой , уыдонœн сœ раиртœстытœ; орфографии œмœ пунктуацийы œгъдœуттœ зонын, фидар кæнын хи дæнцæгтæй; стиликœ æмæ ныхасы культурæимæ баст фæрстытæ амонын.

- Бæрæг кæнын дзырды лексикон æмæ грамматикон æууæлтæ; дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæй сæ лексикон æмæ стилистикон æууæлтæм гæсгæ пайда кæнын; ирон литературон æвзаджы сæйраг нормæтæ зæрдыл дарын; дзырдты æмæ дзырдты къордтæ раст кæсын цавды нысанмæ гæсгæ.

- **Пунктуацийœ.** Ссарын пунктуацион рœдыдтытœ œмœ сœ раст кœнын. Хуымœтœг œмœ вазыгджын хъуыдыйœдты, комкоммœ ныхасы, цитатœимœ хъуыдыйœдты хъœугœ œрхœцœн нысœнттœ œвœрын. Арœхсын пунктуацион œвзœрст кœнынмœ.

- **Орфографийœ.**Цы орфограммœтœ ахуыр кодтой, уыдон тексты агурын œмœ сœ раст кœнын. Арœхсын орфографион œвзœрст кœнын.

- **Ныхасы рœзтœй.** Амонын ныхасы хуызтœ œмœ стильтœ стœй текст аразœг хœйттœ. Текст аив кœнын алыхуызон œвзаджы аивгœнœн – нывœфтыд мадзœлттœй. Аразын тексттœ алыхуызон стильтœм гœсгœ; фыссын сочинении литературон уацмысмœ гœсгœ. Текст редакции кœнын зонын, алыхуызон рœдыдтытœ иувœрсгœнгœйœ. Хи арœзт текст хъœздыг кœнын аивгœнœн – нывœфтыд фœрœзт

**Ахуыры рæстæджы пайдагонд цæудзысты** репродуктивон и продуктивон ахуыры методтæ:

- информацион технологи;
- цæстуынгæ æрмæг,
- ИКТ,
- уацмыстæм иллюстраци,
- амонæн литература.

**Æрмæг куыд æмбæрстгонд æрцыд, уый сбæрæг кæнæны хуызтæ:**
тест саразын; фысгæ, дзургæ дзуæппытæ; нывæцæн, изложении.

**Контролы формæтæ**

- индивидуалон
- къордæй
- фронталон

**Контролы хуызтæ**

- развæлгъау
- æрвылбон
- тематикон
- контролон

**Урочыты хуызтæ:**

- урок-ног æрмæг амынд
- урок-практикон куыст
- уроки-хъазт
- компьютерон урок
- урок -къодты куысты формæ
- ныхасы рæзты куыст
- интеграцигон урок

**Технологитæ:**

- традицион технологи;
- архайды технологитæ;
- иннæ предметты бастдзинадимæ

**Къæлиндарон - тематикон пълан ирон æвзагæй 11-æм къласæн**

| № | Ныхасы темæ | Æвзаджы темæ | Сахат | Нымæц | Равзаринаг фарстатæ | Практикон куыстыхуызтæ. | Фæстиуджытæ | Икт, цæстуынгæ æрмæг | Урочы хуыз |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **Ирон æвзаг** | Литературон ныхас, йæ хицæндзинæдтæ. Дзырдбаст. №1 | 1 | | **1.ныхасы стильтæ. 2. Литературон ныхасы лексикон, фонетикон, грамматикон æмæ стилистикон нормæтæ. 3. Дзырдбаст æмæ хъуыдыйад куыд синтаксисы иуæгтæ. 4.Бабæттæ æмæ домгæбастдзинæдтæ, сæ хицæндзинæдтæ. 5.Домгæбастдзинады хуызтæ ирон æвзаджы.** | 1. цыбыр тексты стилистикон æвзæрст. 2. алыхуызон текстытæ (стильтæм гæсгæ) аразынмл фæлтæрын 3. Дзырдбаст, хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдты синтаксисон æвзæрстытæ. 4. Тексты иумæйаг æвзæрст | Зонын: .Цыбыр текстыты стилистикон æвзæрст (Сæ стилистикон хицæндзинæдтæ Алыхуызон текстытæ (стильтæм гæсгæ) аразынмл фæлтæрын. | Литературон текстытæ | Лекци, беседæ |
| **2.** | | **Бахизæн диктант** | **1** | | Растфыссынады æгъдæуттæ сфæлхат кæнын; сбæрæг кæнын зонындзинæдтæ рацыд æрмæгæй. | | Зонын: раст, аив æмæ æнæ рæдыдæй фыссын. Арæхсын: орфограммæтæ æмæ грамматикрн рæдыдтытæ агурын | | |
| **3.** | **Ирон æвзаг** | **Æрмæг фæлхат кæнын морфологийæ.** Номдарты бирæон нымæцы, миногонты растфыссынад барæн бæрцы, мивдисджыты растфыссынад | **1** | | Номдарты бирæон нымæцы, миногонты растфыссынад барæн бæрцы, мивдисджыты растфыссынад ивгъуыд афоны. | Фæлтæрæн куыстытæ | Зонын: раст,æнæ рæдыдæй фыссын; хъуыдыйады, тексты орфограммæтæ æвзарын. Арæхсын: орфографион æмæ грамматикон | | Практикум |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | ивгъуыд афоны. | | | | | рæдыдтæ агурын хъуыдыйады, тексты. | | |
| 4. | **Ирон æвзаг** | Синтаксис куыд æвзаджы хай. Синтаксисы иуæгтæ. Синтаксисон бастдзинады хуызтæ. Хуымæтæг дывæрсыг хъуыдыйад №2,3 | 1 | | Синтаксис куыд æвзаджы хай. Синтаксисы иуæгтæ. Синтаксисон бастдзинады хуызтæ. | Хуымæтæг хъуыдыйады æвзæрст, хуымæтæг хъуыдыйæдтæ аразын, тексты мидæг сæ пайда кæнын. | Зонын: раст,æнæ рæдыдæй фыссын; хъуыдыйады, тексты орфограммæтæ æвзарын. Арæхсын: орфографион æмæ грамматикон рæдыдтæ агурын хъуыдыйады, тексты. | Литературон текстытæ | практикум |
| 5. | **Ирыстоны паддзахадон арæзт** | **Ныхасы стильтæ (иумæйаг афæлгæст.)** Литературон ныхасы лексикон, фонетикон, грамматикон нормæтæ | 1 | | Литературон ныхасы лексикон, фонетикон, грамматикон нормæтæ | Цыбыр текстытæ стилистикон æгъдауæй æвзарын. Фæлтæрæн куыстытæ | Зонын: Цыбыр текстыты стилистикон æвзæрст (Сæ стилистикон хицæндзинæдтæ) | Литературон текстытæ | практикум |
| 6. | **Ирыстоны паддзахадон арæзт** | **Этикетон ныхасы арæзтыты мидис.** Ирон ныхасы этикет. Фæлгонцджын разагъдтытæ хуымæтæг ныхасы. | 1 | | Ирон ныхасы этикет. Фæлгонцджын разагъдтытæ хуымæтæг ныхасы. | Этикетон ныхасæй пайда кæныны æгъдæуттæ | Зонын: Алыхуызон текстытæ ирон этикеты фæткыл аразын. | | практикум |
| **7.** | | **Ныхасы рæзтыл куыст. Изложени** | **1** | | **Ныхасы рæзтыл бакусыны тыххæй изложени ныффыссын** | | | | |
| **8.** | **Ирыстоны паддзахадон арæзт** | **Дзырдбаст æмæ хъуыдыйад куыд синтаксисон иуæгтæ.** | **1** | | Бабæтгæ æмæ домгæ бастдзинæдтæ, сæ хицæндзинæдтæ. | Дзырдбасты хуызтæ, дзырдбæстыты дих сæ сæйраг дзырдтæм гæсгæ. | Зонын: Дзырдбаст æмæ хъуыд-ы æхсæн хицæндзинæдтæ. Арæхсын: | Литературон текстытæ | Практикум |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Бабæтгæ æмæ домгæ бастдзинæдтæ, сæ хицæндзинæдтæ. | | | | | Дзырдбастæй хъуыдыйæдтæ аразын. | | |
| **9.** | **Ирыстоны индустри** | **Бавæргæ арæзтытæ. Сидæн (9 ахуыр)** | **1** | | Бавæргæ арæзтытæ. Сидæн. (бавæргæ арæзтытæ сæ структурæмæ гæсгæ, сæ нысаниуæгмæ гæсгæ). Растфыссынад. Бавæргæ дзырдты функционалон нысаниуæг<br>Сидæны функционалон нысаниуæг. Æрхæцæн нысæнттæ сидæнимæ | Хъуыдыйæдты æвзæрст, тексты иумæйаг æвзæрст, тексты функционалон æвзæрст; хъуыдыйæдтæ сидæнтæй; бавæргæ арæзтытæй æмæ æмхуызон уæнгтæй парахатдæр кæнын. | Зонын: Бавæргæ дзырдтæ, дзырдбæстытæ, хъуыдыйæдты растфыссынад. Сидæнтимæ хъуыдыйæдты растфыссынад. Арæхсын: сидæнтæ æмæ бавæргæ арæзтытæй пайда кæнын ныхасы мидæг. | | практикум |
| **10.** | **Дунейы адæмты музыкалон культурæ** | **Вазыгджын хъуыдыйад. Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад** | **1** | | **1. Вазыгджын хъуыдыйæдтæ ирон æвзаджы.**<br>**2. Хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдты синонимикæ.**<br>**3. Æрхæцæн нысæнттæ вазыгджын хъуыдыйæдты.**<br>**1.Бабæтгæ бастдзинады бæттæгты хуызтæ:**<br>**а) иугæнæг;**<br>**æ) ныхмæвæрды;**<br>**б)дихон;** | Хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдты синонимикæ.<br>Æрхæцæн нысæнттæ вазыгджын хъуыдыйæдты. | Зонын: Вазыгджын хъуыдыйады æвзæрст, вазыгджын хъуыдыйадæй хуымæтæг аразын. Арæхсын: Тексты пунктуацион æвзæрст Кæнынмæ ; вазыгджын хъуыдыйæдтæй ныхасы (тексты пайда кæнынмæ.) | | практикум |
| **11.** | **Дунейы адæмты æвзæгтæ** | **Домгæвазыгджын хъуыдыйад** | **1** | | **1)домгæвазыгджын хъуыдыйады арæзт;**<br>**2)бæттæгтæ æмæ бæттæг дзырдтæ домгæвазыгджын хъуыдыйæдты** | Вазыгджын хъуыдыйады æвзæрст, вазыгджын хъуыдыйадæй хуымæтæг аразын, тексты пунктуацион æвзæрст, вазыгджын | Зонын: Вазыгджын хъуыдыйады æвзæрст, бабæтгвазыгджын хъуыдыйа - | Литературон текстытæ | практикум |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | **3) æрхæцæн нысæнттæ домгæвазыгджын хъуыдыйады;**<br>**4) уæлæмхæст хъуыдыйæдты хуызтæ: а) æмбырынгæнæн; æ) бæрæггæнæн; б) фадатон.** | хъуыдыйæдтæй ныхасы (тексты пайда кæнын) | дæй домгæвазыгджын хъуыдыйад ара- зын,<br><br>Арæхсын: Текст пунктуацион æвзæрст кæнынмæ.<br><br>Зонын æмæ арæхсын раст æвæрын æрхæцæн нысæнттæ домгæвазыгджын хъуыдыйæдты. | | |
| **12.** | **Наукæ** | Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйад № 14,15 ахуыртæ. | **1** | | **1.Иумæйаг æмбарынад. Къæдзыг, стъæлф æмæ къæдзыг æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады;**<br>**2.Дыстъæлф æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады;**<br>**3. Тире æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады** | Хъуыдыйады æвзæрст, тексты пунктуацион æвзæрст… | Зонын: æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ æвæрын;<br>Арæхсын: æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæ æвзарын | Литературон текстытæ | практикум |
| **13.** | **Ахуырад дунейы алы бæстæты** | Бирæхайон вазыгджын хъуыдыйад №16,17 ахуыртæ. | **1** | | **Бирæхайон хæйтты æхсæн бастдзинады хуызтæ:**<br>**А) домгæ æмæ бабæтгæ;**<br>**Б) домгæ æмæ æнæбæттæг;**<br>**В) бабæтгæ æмæ æнæбæттæг;**<br>**Г) бабæтгæ, домгæ æмæ æнæбæттæг.** | Вазыгджын хъуыдыйады æвзæрст, вазыгджын хъуыдыйадæй хуымæтæг аразын, тексты пунктуацион æвзæрст, вазыгджын хъуыдыйæдтæй ныхасы (тексты пайда кæнын) | Зонын: вазыгджын хъуыдыйад бирæхайон вазыгджын хъуыдыйадæй иртасын.<br>Арæхсын: бирæхайон вазыгджын хъуыдыйæдты хæйттæ æвзарын. | | практикум |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 14. | | Афæдзы ӕрдæджы административон контролон диктант | 1 | | **Афæдзы дæргъы рацыд ӕрмæг бафидар кæныны тыххæй диктант ныффыссын** | | Зонын: раст, аив æмæ ӕнæ рæдыдæй фыссын. Арæхсын: орфограммæтæ æмæ грамматикрн рæдыдтытæ агурын | | |
| 15 | | Рæдыдтытыл куыст | 1 | | **Рацыд ӕрмæг фæлхат кæнын** | | | | |
| 16. | **Зæххы къори** | Комкоммæ æмæ фæрссаг ныхас №18,19 ахуыртæ | 2 | | **1. Комкоммæ æмæ фæрссаг ныхасы арæзт.**<br>**2. Комкоммæ æмæ фæрссаг ныхасы синонимикæ.**<br>**3. Ӕрхæцæн ныcæнттæ комкоммæ ныхасимæ.** | Комкоммæ ныхас аразынbackslash фæлтæрын, комкоммæ ныхасæй фæрссаг ныхас аразын, тексты пунктуацион ӕвзæрст. | Зонын: Комкоммæ ныхас аразыныл фæлтæрын, Арæхсын: Комкоммæ ныхасæй фæрссаг ныхас аразынмæ. | Литературон текстытæ | практикум |
| 17. | **Зæххы къори** | Цитатæ. Диалогон ныхас № 20 | 1 | | **1. Цитатæты растфыссынад;**<br>**2. Диалогон ныхасы тыххæй рацыд ӕрмæг фæлхат кæнын;** | Цитатæты растфыссынадыл бакусын | Зонын: Цитаты растфыссынад Арæхсын: Цитатæй пайда кæнын. | Литературон текстытæ | практикум |
| 18. | **Зæххы къори** | **Ныхасы рæзтыл куыст** | 1 | | **Сочинени грамматикон хæсимæ (хæс: тексты спайда кæнын сидæнтæй, бавæргæ арæзтытæй, ӕмхуызон уæнгтæй, вазыгджын хъуыдыйæдтæй)** | | | | |
| 19. | **Хуры системæ** | ***Стилистикæ.*** Ӕвзаджы аивгæнæн-ывæфтыд мадзæлттæ. Фæлгонцджын ныхас аразыны фæрæзтæ № 21, 22 ахуыртæ. | 1 | | Тексты лексико-фразеологион ӕвзæрст, алыхуызон текстытæ аразыныл фæлтæрын, поэтикон æмæ прозаикон текстыты ӕвзæрст. | Стилистикæ – ӕвзагзонынады къабæзтæй иу. | Зонын: ныхасы стильтæ кæрæдзийæ ӕвзарын ӕвзарын (дзургæ ныхасы, официалон-хъуыддагон, наукон, публицистикон, аивадон | Литературон текстытæ | практикум |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | литературон). Арæхсын: ныхасы стильтæй пайда кæнын ныхасы уавæртæ хынцгæйæ. | | |
| **20.** | **Космос** | Æвзаджы аивгæнæн-нывæфтыд мадзæлттæ. Фæлгонцджын ныхас аразыны фæрæзтæ. № 23,24 ахуыртæ. | **1** | | **Тексты аивгæнæн мадзæлттæ (Структурон параллелизмтæ, антитезæ, градаци, риторикон сидæн, риторикон фарст). Сæ функционалон стилистикон нысаниуæг.** | Тексты лексикон-фразеологион æвзæрст, алыхуызон текстытæ аразынил фæлтæрын. | Зонын: ныхасы стильтæ кæрæдзийæ æвзарын æвзарын (дзургæ ныхасы, официалон-хъуыддагон, наукон, публицистикон, аивадон литературон). Арæхсын: ныхасы стильтæй пайда кæнын ныхасы уавæртæ | Литературон текстытæ | практикум |
| **21.** | | **Ныхасы рæзт. Изложени** | **2** | | **Ныхасы рæзтыл бакусыны тыххæй изложени ныффыссын** | Зонын:Æмхæст текст хи ныхæстæй фыссын . Арæхсын: литературон æмæ этикетон ныхасæй пайда кæнынмæ. | | | |
| **22.** | **Ирыстоны фæсивæд** | Текст, йæ арæзт. № 25 ахуыр | **1** | | **1. Тексты хæйттæ (ВСИ, абзац).**<br>**2. Параллелон æмæ цæгон бастдзинад.**<br>**3. ВСИ- ы бастдзинады фæрæзтæ (лексикон, грамматикон).**<br>**4. Текст аивгæнæн синтаксисон мадзæлттæ.** | Тексты лексико-фразеологион æвзæрст, алыхуызон текстытæ аразынил фæлтæрын, поэтикон æмæ прозаикон текстыты æвзæрст. | Зонын: тексты хъуыдыйæдты хсæн алыхуызон ахастытæ (параллелон æмæ цæгон бастдзинæдтæ). Арæхсын: æвзарын тексты мидæг бастдзинады хуызтæ. | Литературон текстытæ | практикум |
| **23.** | | **Сочинени. Рæдыдтытыл** | **1** | | **Сочинени грамматикон хæсимæ (хæс: тексты** | | | | **Урок контроля** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | **куыст.** | | | **спайда кæнын сидæнтæй, бавæргæ арæзтытæй, æмхуызон уæнгтæй)** | | | | |
| **24.** | **Олимпаг хъæзтытæ** | Абзац. Абзацы арæзт.<br>№ 26 ахуыр | **1** | | **Дзырд абзацы нысаниуджытæ:**<br>**1. рæнхъы райдайæны уæгъд бынат, сырх рæнхъ;**<br>**2. дыууæ ахæм сырх рæнхъы æхсæн цы тексты хай ис, уый.** | Тексты иумæйаг æвзæрст, текст аразыныл фæлтæрæнтæ æмæ æнд. | Зонын æмæ арæхсын:: абзац раст бæрæг кæнын. | Литературон текстытæ | практикум |
| **25.** | | **Контролон диктант.** | **1** | | **Афæдзы дæргъы рацыд æрмæг бафидар кæныны тыххæй диктант ныффыссын** | | | | |
| **26.** | | **Рæдыдтытыл куыст** | **1** | | **Рæдыдтытыл куыст** | | | | |
| **27.** | **Олимпаг хъæзтытæ** | Вазыгджын синтаксисон æнæхъæн.<br>№ 27 ахуыр | **1** | | **1. Тексты хæйттæ (ВСИ, абзац).**<br>**2. Параллелон æмæ цæгон бастдзинад.**<br>**3. ВСИ- ы бастдзинады фæрæзтæ (лексикон, грамматикон).**<br>**4. Текст аивгæнæн синтаксисон мадзæлттæ.** | Тексты иумæйаг æвзæрст, текст аразыныл фæлтæрæнтæ æмæ æнд. | Зонын æмæ арæхсын: ВСÆ мидæг хицæн хъуыдыйæдты бастдзинады мадзæлттæ зонын (бæттæгтæ, номивджытæ, фæрсдзырдтæ…) | | |
| **28.** | **Удварны хæзнатæ** | Ныхасы хуызтæ.<br>№ 28,29,30 | **2** | | **Текстты хуызтæ: таурæгъон, æрфыстон, текст-тæрхон** | Тексты иумæйаг æвзæрст | Зонын æмæ арæхсын: ныхасы алы хуызы композицион хицæндзинæдтæ æвзарын; таурæгъон, æрфыстон æмæ текст-тæрхоны хицæндзинæдтæ æвзарын | Литературон текстытæ | практикум |
| **29.** | **« Нæ бæсты сагъæстæ… »** | Ныхасы стильтæ. Наукон стиль. Публицистикон стиль. | **1** | | **Наукон стилæй фыст уацтæ, наукон тексты хæйттæ;**<br>**Наукон тексты миниуджытæ:** | Фæлтæрæн куыстытæ | Зонын æмæ æрæхсын: алыхуызон стильтæй пайда | | практикум |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | № 31,32 ахуыр | | | **бæлвырддзинад, абстрактондзинад, объективондзинад. Публицистикæйы жанртæ: газеты, журналы уац, очерк, репортаж, интервью, фельетон,ораторы тæрхоны ныхас… фразеологизмтæ.** | | кæнын хъæугæ уавæрты. | | |
| **30.** | **Æнцон у æрыгон уæвын?** | Ныхасы стильтæ. Официалон-хъуыддагон стиль. Дзургæ ныхасы стиль. № 33,34 | **2** | | **Официалон-хъуыддагон стильы миниуджытæ: Лексикон, морфологион, синтаксисон. Дзургæ ныхасы стилы бындур. Хуымæтæг лексикæ, алыхуызон æнкъарæнтæ æвдисæг дзырдтæ, фразеологизмтæ.** | Фæлтæрæн куыстытæ | Зонын æмæ æрæхсын: алыхуызон стильтæй пайда кæнын хъæугæ уавæрты. | | практикум |

*11-æм къласы Кусæн программæйы нысантæ æмæ хæстæ баххæст кæнынæн ахуырты рæстæг пайдагонд цæудзæн ахæм ахуырадон фæрæзтæй*

***Ахуыргæнæн чиныг:***

**Ирон æвзаджы чиныг 11-æм къласæн. Ккуыдзойты А.Ф.. – Дзæуджыхъæу: 2013, «СЕМ».**

*Ахуыргæнæн уæлæмхасæн æрмæг скъоладзаутæн:*

1. Майрæмыхъуаты Ф.А., Текстыл куыст ирон æвзаджы урокты»: Дзæуджыхъæу, ИПО СОИГСИ, 2011.

2. Гуæцæлты Л.Б., Санаты Р.Р. Ирон æвзаджы практикум. Пунктуаци. Дзæуджыхъæу, «Перо и кисть», 2002.

3. Куыдзойты А.Ф. Ирон æвзаджы практикум. Орфографи. Дзæуджыхъæу, ЦИПУ-йы рауагъдад, 2002.

4. Уалыты Т.И., Джусойты К.Г, Дзытиаты Э.З. Ирон æвзаг æмæ кæсыны уроктæм хæслæвæрдтæ. Дзæуджыхъæу, «Олимп», 2006.

5. Безаты Ф.Г. Уæлæмхасæн ахуыргæнæн æрмæг ирон æвзаджы уроктæм. Дзæуджыхъæу, «Олимп», 2008.

*Методикон æрмæг ахуыргæнæгæн:*

1. Майрæмыхъуаты Ф.А. Скъоладзауты изложени фыссынмæ цæттæ кæнынæн методикæ. Дзæуджыхъæу, «Олимп», 2009.

2. Майрæмыхъуаты Ф.А. Сочинени фыссынмæ цæттæгæнæн куыст. Дзæуджыхъæу, ИПО СОИГСИ, 2011

**Перечень рекомендуемых интересных осетинских сайтов.**

- **http://sevos.ru** Электронная версия газеты "Северная Осетия"
- **http://www.ugo-osetia.ru** "Южная Осетия" - общественно-политическая газета Республики Южная Осетия.
- **http://www.darial-online.ru/** Электронная версия журнала "Дарьял". Все номера. Интересная библиотека
- **http://fidiuag.osetia.su/** Журнал "Фидиуаег" на осетинском языке.
- **http://osinform.ru/** Сайт ИА ОСинформ Государственной телерадиокомпанией «Ир» Республики Южная Осетия. Оперативное предоставление объективной информации, по Южной и Северной частей Осетии.
- **http://zilahar.narod.ru/** РЦИ-Аланийы адæмон газет "Рæстдзинад"-ы фæсивæдон æмæ спортивон рауагъды электрон хуыз .Электронная версия молодежно-спортивного выпуска народной газеты РСО-Алания "Растдзинад"
- **http://www.iriston.com/** Проект патриотов Осетии. Много интересной информации.

- http://www.osradio.ru/ Интереснейший и очень полезный проект юго-осетинских энтузиастов. Возможность смотреть осетинские фильмы, спектакли видеоклипы и слушать осетинское радио.
- http://www.irontv.ru/ На сайте можно посмотреть или скачать итоговый выпуск новостей телекомпании "АЛАНИЯ" за текущий день.
- http://www.dukani.ru/ Интернет-магазин. Возможность купить интересные книги, аудио- и видео записи осетинских музыкантов, работы художников и многое другое.
- http://lingvo.osetia.ru/ Очень интересный, насыщенный и полезный сайт для изучающих осетинский язык самостоятельно. Проект старшего преподавателя Санкт-Петербургского Государственного университета, уроженца Владикавказа, Вячеслава Иванова.
- http://allingvo.ru/ Сайт Юрия Дряева для изучающих осетинский язык. Осетинско-русский и русско-осетинский словари для программы Lingvo. Тексты для чтения со словарем. Коллекция осетинских песен с текстами.
- http://abetae.ru/ JAVA -дзырдуат. Закачай в свой телефон осетинско-русский словарь. БЕСПЛАТНО
- http://iratta.com Очень интересный и содержательный сайт. Осетия - Алания. Аланы. Владикавказ.
- http://www.nataabaeva.com Для любителей живописи. Интересный сайт молодой художницы
- Натальи Абаевой
- http://alanvakfi.org.tr/index.asp Сайт турецких осетин (информация дается на турецком языке).
- http://www.region15.ru/ Новости, разнообразная информация, музыка.
- http://osetiny.ru/ Разнообразная информация об осетинском интернете и полезные ссылки.
- http://www.osagrotour.ru/ Информация для людбителей сельского и горного туризма.
- http://baragbonta.ru Об осетинских праздниках на родном языке.
- http://oldvladikavkaz.ru/ Сайт"Старый Владикавказ"
- http://abe87.narod.ru/ Осетинские песни и мелодии.
- http://fond-hadonova.ru "Яблоко Нартов". Благотворительный фонд профессора З.М Хадонова
- http://www.mol-sport.ru/ **Интересный сайт министерства по делам молодежи, физкультуры и спорта Республики Северная Осетия-Алания**
- http://tabol.nm.ru/ **Сайт Сергея Таболова об осетинском народе.**
- http://www.osetins.com/ **Проект "Осетия и осетины" Батраза Хугаева**
- http://titus.uni-frankfurt.de/texte/etcs/iran/niran/oss/nart/nart.htm **Нартские сказания на иронском и дигорском, с возможностью чтения при помощи латинского алфавита.**
- http://xurzarin.ru **Юго-Осетинская общественно-политическая газета "Хурзарин"**
- http://www.iriston.ru **Сайт осетинской диаспоры.**
- http://ossetia.ru/ **Новости Северной и Южной Осетии. Другая разнообразная информация.**
- http://osetia.tv **Видео об Осетии: последние новости, различные передачи, фильмы, интервью, спортивные события.**
- http://www.yoo.ru/ **Молодежь Осетии**
- http://genocide-in-ossetia.com/ **Материалы о геноциде народа Южной Осетии и событиях августа 2008 года.**
- http://www.fondnasledie.narod.ru/ **Фонд сохранения и популяризации нартского эпоса и других источников культурного наследия осетинского народа.**
- http://aors.narod.ru/ **История и культура Осетии**
- http://cominf.org/ **Сайт Государственного комитета по информации и печати Республики Южная Осетия**
- http://artarv.iriston.com/ **Арт-проект Вадима Пухаева о искусстве Осетии**
- http://www.osetia.ru/~toma/ **История, культура и традиции осетин. Проект Томы Кулаевой.**
- http://www.anaharsis.ru/ **История, культура, искусство, религия. Проект Валерия Цагараева.**

http://www.travelvlad.com/ **Интересный и красочно оформленный сайт для любителей путешествий на Юг и горного туризма**